

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang**

Basa mangrupa salahsiji pakakas penting dina hirup kumbuh di masarakat. Ku sabab, basa bisa ngayakeun komunikasi jeung papada jalma. Ku basa, manusa bisa ngedalkeun sakabéh gagasan, pikiran, eusi haté, kagiatan sarta kréativitasna kalawan merenah.

Basa Sunda kacida pentingna pikeun terus dipiara ku masarakat hususna urang Sunda. Kalungguhan basa Sunda ditangtayungan ku nagara, sakumaha nu kaunggel dina penjelasan UUD 1945 bab XV pasal 36 anu nétélakeun yén basabasa daerah anu masih dipiara sarta diajénan ku masarakatna, diajénan ogé ku nagara lantaran éta basa-basa téh mangrupa bagian tina kabudayaan Indonesia.

Dina mekarkeun basa Sunda, sakola mangrupa lembaga formal anu miboga pancén nu kawilang penting pikeun nepikeun bahan pangajaran basa Sunda. Ku cara nepikeun éta pangajaran dipiharep siswa wanoh tur nyangkem kana basana sorangan.

Nilik kana kaayaan jeung situasi undak-usuk basa Sunda kiwari utamana di kalangan barudak rumaja pantaran SMA, nu kahirupanana kapangaruhan ku kamekaran jaman, nu biasana jadi bangbaluh téh nya éta kurangna minat jeung sikep maké basa kana pangajaran basa Sunda di sakola. Minat jeung sikep maké basa ngabogaan peranan penting pikeun ayana kasadaran diri siswa sangkan diajar ngagunakeun basa anu hadé.

Dina prosés diajar, minat jeung sikep kaasup kana faktor internal nu aya dina jero diri siswa. Unggal siswa pasti ngabogaan taraf minat jeung sikep anu bédá. Minat mangrupa alat motivasi nu utama pikeun ngahudangkeun karesep

atawa *kegairahan* diajar siswa, sedengkeun sikep mangrupa gambaran tina minat anu dipiboga.

Pangajaran basa Sunda kaasup kana salahiji pangajaran mulok anu ditepikeun di SMAN 9 Bandung. Biasana pangajaran mulok mah osok diapilainkeun ku siswa, lantaran jam pangajarananana ukur sajam dina saminggu. Ditambah deui pihak sakolana ogé leuwih meningkeun pangajaran inti atawa pangajaran anu rék diujiankeun pikeun ditepikeun ka siswa. Siswa di SMAN 9 Bandung lolobana boga anggapan yén basa Sunda téh hésé, teu dipikaharti, jeung deui jarang aya siswa nu daék ngomong ngagunakeun basa Sunda lantaran *gengsi* jeung sieun salah dina ngagunakeun undak-usuk basana. Salian ti éta, lingkungan sakola anu geus modern ogé bisa jadi pangaruh, pikeun siswa teu pati respon kana pangajaran basa Sunda. Lamun ditilik tina tata letak sakolana, SMAN 9 Bandung ngadeg di lingkungan kota anu modern.

Sababaraha siswa SMAN 9 Bandung leuwih milih ngagunakeun basa Indonesia pikeun interaksi, lantaran basa Indonesia leuwih gampang tibatan basa Sunda, sok sanajan turunan urang Sunda, tapi basa indung jeung basa sapopoé di imahna ngagunakeun basa Indonesia.

Sakumaha dijéntrékeun di luhur yén aya sababaraha faktor anu bisa mangaruhan kana kamampuh undak-usuk basa Sunda siswa nya éta minat jeung sikep.

Minat mangrupa pangrojong atawa motivasi siswa pikeun ngalakukeun kgiatan diajar. Ku ayana *partisipasi* siswa dina kgiatan diajar mangka siswa bakal kalibat langsung dina kgiatan diajar jeung bakal merhatikeun guru nepi ka timbul rasa hayang diajar bener-bener.

Minat siswa kana pangajaran basa Sunda mangrupa salahiji faktor nu mangaruhan kana kahontalna pangaweruh jeung kamampuh ngalarapkeun basa Sunda nu leuwih hadé. Hartina, lamun siswa teu boga minat anu gedé kana pangajaran basa Sunda, tangtu pangaweruh jeung kamampuh ngalarapkeun

**Evi Nurmayatini, 2013**

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitik Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

undak-usuk basa Sundana goréng. Ieu hal luyu jeung pamadegan Slameto (1995) “*Jika seseorang tidak berminat terhadap sesuatu maka secara langsung orang tersebut tidak akan memiliki pengetahuan dan pemahaman yang menandai tentang sesuatu tersebut.*”.

Minat dina dasarna nya éta muserkeun perhatian nu leuwih gedé kana hiji hal jeung narima ayana hubungan antar diri sorangan jeung hal anu di luar, makin kuat atawa deukeut éta hubungan makin gedé ogé minatna.

Sikep basa mangrupa peristiwa kajiwaaan, nu henteu bisa ditilik secara langsung. Sikep basa bisa ditilik ngaliwatan *perilaku berbahasa* atawa *perilaku tutur*. Ngan dina ieu hal ogé aya katangtuan yén henteu unggal perilaku tutur ngagambarkeun sikep basa. Kitu ogé sabalikna, sikep basa henteu salilana kagambarkeun dina perilaku tutur (Suwito 1983, 88:89).

Nurutkeun Pateda (Haerudin, 1998), sikep basa bisa dikelompokkeun jadi dua bagian, nya éta sikep kana basa jeung sikep *berbahasa*. Sikep kana basa ditujukeun kana tanggung jawab jeung *reward* atawa penghargaan kana basa, sedengkeun sikep berbahasa ditujukeun kana kasadaran diri dina ngagunakeun basa sacara tertib.

Budi Rahayu Tamsyah (1988: 5) nétélakeun yén undak-usuk basa Sunda nya éta panta-pantana basa, nu dipaké diluyukeun jeung kaayaan umur, kalungguhan, sarta situasi nu nyarita jeung nu diajak nyarita katut nu dicaritakeun.

Dina ieu panalungtikan nu dimaksud kamampuh undak-usuk basa Sunda téh nya éta hiji kamampuan ngagunakeun basa loma atawa basa lemes anu disaluyukeun jeung kaakraban (*solidarity*), kakawasaan (*power*), jeung kalungguhan (*status sosial*), antara panyatur jeung anu diajak nyarita sarta nu dicaritakeunana kalayan luyu jeung kontéks situasina.

Aya sababaraha panalungtikan nu geus dilakukeun saméméhna ngeunaan pangaruh minat, nya éta: *Pengaruh Minat dan Motivasi terhadap Hasil Belajar Matematika (Studi Deskriptif Kelas VIII Semester 1 SMP Negeri 1 GU)* ku Salim

**Evi Nurmayatini, 2013**

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitik Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(2011). *Hubungan antara Minat dengan Prestasi Belajar Siswa dalam Bidang Studi Sejarah Kebudayaan Islam (Studi kasus di Madrasah Tsanawiyah Nurussalam Pondok Pinang Jakarta Selatan)* ku Nurhidayati 2006. Aya deui panalungtikan ngeunaan sikep berbahasa anu geus dilakukeun saméméhna, nya éta: *Peranan Sikep Berbahasa terhadap Kemampuan Menulis* ku Dingding Haerudin (Tesis, 1998). Artikel *Sikap Bahasa Mahasiswa* ku Dingding Haerudin.

Sok sanajan kajian ngeunaan minat jeung sikep berbahasa geus rea, tapi kajian ngeunaan patali antara minat jeung sikep kana kamampuh undak-usuk basa Sunda mah can aya nu nalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan téh penting pikeun dilaksanakeun. Kajurung ku éta hal, panalungtikan anu judulna *Patali antara Minat jeung Sikep kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitik Korelasional di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)* perlu dilaksanakeun pikeun ngagambarkeun ayana patali anatara minat diajar B. Sunda jeung sikep maké basa Sunda siswa kana kamampuh undak-usuk basa Sunda.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan ieu pedaran museur kana inti masalah jeung babari pikeun ditalungtik, ieu pedaran téh kudu diwatesan. Dina ieu panalungtikan ngaguar ngeunaan patali antara minat jeung sikep kana kamampuh undak-usuk basa Sunda. Minat dina ieu panalungtikan nya éta minat diajar siswa, sedengkeun sikap nu ditalungtik nya éta sikep maké basa (sikep berbahasa) siswa. Aya tilu variabel anu ditalungtik. Dua variabel bebas jeung hiji variabel kauger. Variabel bebas kahiji minat ( $x_1$ ), variabel bebas kadua sikep ( $x_2$ ), jeung variabel kaugerna kamampuh undak-usuk basa Sunda siswa ( $y$ ). Masalah nu baris dipedar nya éta patali antara minat siswa diajar basa Sunda, sikep siswa kana maké basa Sunda,

**Evi Nurmayatini, 2013**

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitik Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

tuluy patali antara minat jeung sikep kana hasil téh kamampuh undak-usuk basa Sunda.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang pasualan di luhur, ieu panalungtikan téh dirumuskeun dina kalimah pertanyaan saperti ieu di handap.

1. Kumaha minat siswa kana diajar basa Sunda?
2. Kumaha sikep maké basa Sunda siswa?
3. Kumaha kamampuh undak-usuk basa Sunda siswa?
4. Kumaha patali antara minat diajar B.Sunda jeung sikep maké basa Sunda siswa kana kamampuh undak-usuk basa Sunda?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Sacara umum tujuan tina ieu panalungtikan téh nya éta hayang ngadéskripsiéun patali antara minat diajar B.Sunda jeung sikep maké basa Sunda siswa kana kamampuh undak-usuk basa Sunda nu ngagunakeun studi korélasni di kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013.

Dumasar kana éta hal, baris dilakukeun panalungtikan anu miboga tujuan saperti ieu di handap.

1. Ngadéskripsiéun minat siswa kana diajar basa Sunda;
2. Ngadéskripsiéun sikep maké basa Sunda siswa;
3. Ngadéskripsiéun kamampuh undak-usuk basa Sunda siswa;
4. Ngadéskripsiéun patali antara minat diajar jeung sikep maké basa Sunda siswa kana kamampuh undak-usuk basa Sunda.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitik Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta déskripsi ngeunaan patali antara minat diajar jeung sikep maké basa Sunda siswa kana kamampuh undak-usuk basa Sunda di kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis mangpaat tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) dina jihat paélmuan, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangaruh minat diajar siswa, hususna dina pangajaran undak-usuk basa Sunda;
- 2) dina jihat lembaga, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan guru sangkan leuwih kréatif dina nepikeun matéri pangajaran ka siswa; jeung
- 3) pikeun nu nalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban wawasan katut pangalaman, sacara langsung ka sakola.

## **1.5 Struktur Organisasi**

Hasil tina ieu panalungtikan disusun jadi lima bab kalawan sistematika sakumaha ieu di handap.

Bab I Bubuka, mertélakeun perkara kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi dina nyusun tésis.

Bab II Tatapanan Tiori, ngadadarkeun konsép poké nu dijadikeun tatapanan pikeun nganalisis pasualan, anu ditalungtik dumasar kana sajumlahing buku jeung bahan bacaan lianna salaku rujukan konsép jeung tiori. Pamikiran anu didadarkeun ngawengku tiori minat, sikep, undak-usuk basa, raraga mikir, jeung hipotesis panalungtikan.


**Evi Nurmayatini, 2013**

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitik Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Bab III Métodologi Panalungtikan, mertélakeun perkara lokasi jeung sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, définisi operasional, instrumén panalungtikan, prosés mekarkeun instrumén, téhnik ngumpulkeun data, jeung ngolah jeung analisis data.

Bab IV Déskripsi Data jeung Pedaran, ngadadarkeun hasil angket minat diajar siswa kana pangajaran basa Sunda, hasil angket sikep maké basa Sunda siswa, jeung patali antara minat diajar B.Sunda jeung sikep maké basa Sunda siswa kana kamampuh undak-usuk basa Sunda.

Bab V Kacindekan, mertélakeun kacindekan tina hasil analisis anu dipedar dina bab IV jeung sawatara saran anu dianggap penting pikeun panalungtikan.



Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitik Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)